



Rezime Règleman Anrapò ak Asistans Finansye nan Langaj Senp

Lopital nou an toujou devwe pou l kontinye bay ekselans nan swen pasyan yo ak nan sèvi kominote a. Antanke yon patnè nan kominote a, nou ofri yon pwogram asistans finansye ki pèmèt nou bay pasyan ki kalifye yo swen gratis oubyen pou yon montan ki pi ba pase tarif nou fikse yo.

Èd finansye disponib pou pasyan ki gen revni limite epi ki pa gen asirans sante. Si w gen asirans, ou ka toujou kalifye si w gen depans ou dwe fè ak lajan w ou pa ka peye. Tout pasyan ki abite nan Eta Nouyòk oubyen nan zòn prensipal sèvis lopital la ka kalifye pou asistans finansye pou sèvis ki nesèsè nan domèn medikal. Règleman asistans finansye sa a aplike sèlman pou lopital la ak founisè ki afilye ak antite ki gen rapò avè l yo, Westchester Medical Center Advanced Physician Services, P.C., ak Bon Secours Medical Group. Nenpòt lòt doktè, founisè, oswa gwoup founisè, tankou Doktè ki nan Sal Ijans yo oswa Doktè Boston Children's Health yo pa kouvri anba règleman sa a. Ou ka rele founisè w la dirèkteman si w gen nenpòt kesyon sou règleman yo.

Kalifikasyon pou asistans finansye depann de revni, kantite moun ki nan fanmi w, ak lòt enfòmasyon ou bay yo. Yo p ap refize pasyan yo admisyon, sèvis ijans, oswa sèvis ki nesèsè pou rezon medikal akòz yon bòdwo ki pa peye. Lopital la p ap konsidere aktif finansye lè y ap detèmine si yo kalifye pou Èd Finansye. Lopital la ap bay pasyan yo yon avi alekri omwen trant jou anvan yo refere dèt yo bay ajans koleksyon. Lopital la p ap konsidere estati imigrasyon lè y ap detèmine si yo kalifye pou Èd Finansye. Lopital la pa p fè pasyan ki kalifye pou asistans finansye peye plis pase montan yo faktire an jeneral (Amounts Generally Billed, AGB) bay moun ki gen asirans pou ijans oswa lòt swen medikal nesèsè. Lopital la kalkile AGB a grasa metòd pwospektif lan epi li baze montan sa a sou montan Medicaid mete pou frè-pou-sèvis nan moman an nan Eta Nouyòk. Swen ki gen rabè oswa ki gratis disponib jiska 400% nan kritè federal sou povrete ki pi ba yo:

Gwosè Kay / Fanmi an	Revni Maksimòm Fanmi an (400% Kritè Federal pou Povrete)*
1	\$63,840
2	\$86,560
3	\$109,280
4	\$132,000
5	\$154,720
6	\$177,440
7	\$200,160

**Chif yo baze sou Kritè Federal sou Povrete 2026 yo jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pibliye yo.*

Pasyan yo ka mande asistans finansye lè yo voye yon aplikasyon epi bay dokiman ki pwouve sa. Règleman ak aplikasyon asistans finansye lopital la disponib ann Anglè ak ann Espanyòl, gratis pou piblik la, epi yo fasil pou jwenn nan biwo prensipal Anrejistreman etablisman an ak sou sit entènèt nou an sou: www.wmchealth.org/FinancialAssistanceApplication

Pou w mande yon kopi règleman asistans finansye a oswa aplikasyon an pa lapòs oswa si w gen kesyon konsènan pwogram asistans finansye nou an, ou ka rele pou w pale ak yon konseye finansye nan kontak ki mansyone pi ba a pou chak etablisman. Si ou menm, manm fanmi w, oswa zanmi w pa pale Anglè, yon moun ap ede w nan lang ou prefere a.

Westchester Medical Center

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (914) 493-7830

Adrès Postal: P.O. Box 277, Hawthorne, NY 10532
Anplasman Fizik: 100 Woods Road, Valhalla, NY 10595

MidHudson Regional Hospital

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 483-5406

Adrès Postal: 241 North Rd, Poughkeepsie, NY 12601
Anplasman Fizik: 241 North Rd, Poughkeepsie, NY 12601

Bon Secours Community Hospital | Good Samaritan Hospital | St. Anthony's Community Hospital

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 547-3888

Adrès Postal: Bon Secours Community Hospital, PO Box 1014, Port Jervis, NY 12771
Anplasman Fizik: Bon Secours Community Hospital, 160 East Main St., Port Jervis, NY 12771
Adrès Postal & Anplasman: Good Samaritan Hospital, 255 Lafayette Ave. Suffern, NY 10901
Adrès Postal & Anplasman: St. Anthony's Community Hospital, 15 Maple Avenue, Warwick, NY 10990

HealthAlliance Hospital Mary's Avenue | Margaretville Hospital

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 334-2743

Adrès Postal: 105 Mary's Ave, Kingston, NY 12401
Anplasman Fizik: HealthAlliance Hospital Mary's Avenue, 105 Mary's Ave, Kingston, NY 12401
Anplasman Fizik: Margaretville Hospital, 42084 New York 28, Margaretville, NY 12455